



PENILAIAN TENGAH SEMESTER II SEKOLAH DASAR TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : V (Lima)

Hari, tanggal : Jumat, 5 Maret 2021
Waktu : 07.30 - 09.30 (120 menit)

Petunjuk Umum :

1. Tulislah nama dan nomor pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kamu anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaanmu sebelum kamu serahkan kepada bapak/ibu guru!

- I. Wenehana tandha ping (X) aksara a, b, c utawa d sangarepe wangsulan sing paling bener ing lembar jawaban kang cumawis!

Gatekna tembang pangkur ing ngisor iki kanggo pancadan soal nomer 1–8!

Pangkur

Wajibe bocah sekolah
Kudu sregep sinau siyang *ratri*
Ngudia ilmu lan kawruh
Prayoga lakonana
Kanthi lila legawa lair lan **kalbu**
Aja digawe sembrana
Kabeh iku ora becik

1. Tembang kasebut kalebu tembang
 - a. dolanan
 - b. campursari
 - c. macapat
 - d. tengahan
2. Sapada tembang Pangkur ana ... gatra.
 - a. 5
 - b. 6
 - c. 7
 - d. 8
3. Kosok baline tembung sing kacetak miring ana ing tembang kasebut yaiku
 - a. esuk
 - b. awan
 - c. sore
 - d. bengi
4. Tegese tembung sing dicetak kandel ing tembang kasebut yaiku
 - a. ati
 - b. mati
 - c. klebu
 - d. rasa

5. Manut tembang Pangkur ing dhuwur, kuwajibane bocah sekolah iku
- maca
 - nulis
 - nembang
 - sinau
6. Manut tembang Pangkur kasebut, sekolah iku golek ilmu lan
- kawruh
 - mungsuh
 - kanca
 - kabisan
7. Cacahing wanda saben salarik ing tembang macapat diarani
- guru gatra
 - guru wilangan
 - guru lagu
 - dhong dhing
8. Guru lagu lan guru wilangane gatra pungkasan tembang Pangkur yaiku
- 7/a
 - 8/ u
 - 8/ i
 - 11/ i

Gatekna crita ing ngisor iki kanggo pancadan soal nomer 9-15!

Nalika para Wali mbangun Masjid Demak, mbutuhake kayu jati tuwa gedhe lan thukule lempeng cocog kanggo cagak masjid, Sunan Kalijaga kang kadhawuhan dening Sunan Kudus supaya golek kayu kasebut kanggo njangkepi cagak masjid. Sunan Kalijaga banjur tindak, araha mangulon ngidul nuju tlatah Semarang. Sunan Kalijaga tumeka ing sawijining alas gedhe, Kanjeng Sunan pirsawit jati gedhe. Sunan Kalijaga menggali menawa wit jati iku cocog kanggo cagake masjid, nanging ana kedadean aneh nalika Kanjeng Sunan nyedhaki wit jati iku. Saben divedhaki, wit iku mesthi pindhah-pindhah utawa ngalih-ngalih. Wusanane Kanjeng Sunan Kalijaga ora sida negor wit jati iku. Kanggo pengeling-eling papan iku dijenengake Jati Ngalih. Sunan Kalijaga banjur mbacutake tindake ngarah ngulon.

Tembung jati ngalih, banjur owah gingsir pangucapane dadi jati ngaleh. Sateruse bareng papan kono dadi rame, katelah Jatingaleh, nganti saprene. Jatingaleh papane ana ing Semarang ndhuwur sisih kidul.

9. Irah-irahan kang trep kanggo crita kasebut yaiku
- Sunan Kalijaga
 - Sunan Kudus
 - Asal-usule Masjid Demak
 - Asal-usule Kutha Jatingaleh.
10. Latar crita kasebut yaiku ana ing
- Demak
 - Jatingaleh
 - Semarang
 - alas gedhe

11. Tokoh bakune crita kasebut yaiku
 - a. Para Wali Sanga
 - b. Para Wali Demak
 - c. Sunan Kudus
 - d. Sunan Kalijaga
12. Masjid kang dibangun para Wali ana ing tlatah
 - a. Semarang
 - b. Demak
 - c. Jatingaleh
 - d. Kudus
13. Kedadean aneh sing dialami dening Sunan Kalijaga yaiku
 - a. ana wit jati menawa dicedhaki ngalih enggon
 - b. ana wit jati gedhe sing bisa pindhah tanpa digawa wong
 - c. ana wit jati gedhe sing digubel ula
 - d. ana wit jati gedhe tuwa tengahe growong
14. Kayu jati kasebut kanggo njangkepi cagak masjid.
Njangkepi asale saka tembung lingga
 - a. utuh
 - b. ganjil
 - c. jangkep
 - d. genep
15. Kanjeng Sunan pirsa wit jati gedhe. Tembung pirsa, basa ngokone
 - a. nganggo
 - b. nggawa
 - c. nonton
 - d. ngerti

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi pratitis!

16. Tembang Pangkur iku asale saka tembung ... kang tegese mundur.
17. Guru wilangan lan guru lagu gatra kapisan tembang Pangkur yaiku
18. Watake tembang Pangkur yaiku
19. Bacutane larik tembang Pangkur iki, Mingkar mingkuring
20. Akarana karenan mardi siwi. Tembung siwi tegese
21. Guru lagu, gatra katelu tembang Pangkur yaiku
22. Tegese sapada yaiku
23. Crita rakyat kang nyritaake asal-usule panggonan diarani
24. Ide pokok kang dadi punjering crita legendha diarani
25. Kayu jati kasebut kanggo njangkepi cagak masjid. Tembung njangkepi tegese
26. Kutha Jatingaleh nganti saiki isih ana, papane ana ing
27. Crita iwak Sura lan Baya iku legenda dumadine Kutha
28. Urut-urutane prastawa sajroning crita diarani
29. Akeh paedah kang bisa dijupuk saka crita rakyat. Salah sijine yaiku
30. Pesen moral sajroning crita legenda diarani

III. Garapen nurut prentahe pitakon ing ngisor iki kanthi pratitis ing lembar wangsulani!

31. Tembang macapat iku cacache ana 11. Coba aranana 4 (papat) wae!
32. Kepriye paugerane tembang Pangkur, tulisen!
33. Crita rakyat ing tanah Jawa iku akeh wujudé. Coba aranana jinise loro wae!
34. Legenda iku crita rakyat kang nyritaake asal-usule panggonan, coba tulisen irah-irahane sing kongerteni!
35. Ukara ngisor iki owahana nganggo basa krama!
Ana kedadean aneh nalika Kanjeng Sunan nyedhaki wit jati gedhe.

Selamat Mengerjakan!